1.1. Raratan Naskah

Judul naskah : Wawacan Paras Rasul

Nu ngarang : -

Nu nulis/nyalin : Nayamanggala

Waktu nulis /nyalin : -

Nu boga naskah :

-Ngaran : Aki Tarta

-Tempat : Cisewu, Garut

Fungsi naskah : Banda pusaka

Asal Naskah ti : Warisan ti luluhurna

1.2. Waruga Naskah

Kaayaan jilid : kertas jilid disambung

Warna jilid : hideung

Kaayaan naskah : alus, wedel, aya tapak lambaran nu soek di bagian tukang

Kaayaan teks : lengkep.

Ukuran naskah : 21 x 17,5 cm

Ruang tulis : 18 x 14,5 cm

Bahan naskah : -jilid : kertas semen

-naskah : kertas polio garis, (warna garisna biru).

Warna kertas : koneng kuleuheu

Jenis kertas : kertas pabrik

Cap kertas : -

Jumlah kaca : 33 kaca

Jumlah jajaran unggal kaca : 12-14

Basa : Sunda

Aksara : Arab Sunda /(Pegon)

Ukuran aksara : luhur tulisan 1 cm

Wangun aksara	: biasa
Kaayaan tulisan	: jelas (babari dibaca)
Tapak kalam	: mintul seukeut (ipis kandel)
Warna mangsi	: -tulisan : hideung
	-tanda baca : beureum
Bahasa mangsi	: -
Cara nulis	: bulak-balik
Tanda baca	: - = ganti pupuh
	- = wates antara pada
	- = wates antara pandalisan
Wangun karangan	: Puisi (dangding)

1.3. Sawatara Tanda Baca dina Transliterasi

Tanda baca nu digunakeun dina transkripsi diantarana saperti ieu dihandap.

1. // nya eta tanda garis miring rangkep. Ieu tanda teh dipake dina awal, tengah, jeung ahir teks. Tanda garis miring rangkep nu aya *di awal* teks nuduhkeun *bubuka* teks, *di tengah* teks nuduhkeun *wates kaca* dina naskah, sedangkeun *di ahir* teks nuduhkeun *panutup* teks.
2. Angka-angka nu aya di katuhueun teks nuduhkeun kaca dina naskah.
3. (…..) = Teu kabaca, soeh, leungit, atawa kapupus.
4. ….(?) = ragu-ragu, conto : sajeng (?)
5. ….(sic!) = lain salah nyalin, conto : nyandag (sic)
6. ….(sic!) (….) = koreksi nu nranskrip, conto : nyandag (Sic) (nyandak)

I. ASMARANDANA

Bismillahirohmanirohim

1. Kawula mimiti muji// (1)
   anyebut namining Allah
   anu murah di dunya kabeh
   anu asih di aherat
   jeung ari sagala sembah
   kasanggakeun ka Yang Agung
   Pangeran jagat sadaya

2. Sanggeusing muji ka Gusti
   muji ka Nabi Muhammad
   solli wasallim ‘alaih
   ieu caritana paras
   pangandika Gusti Allah
   tina Quran tilu puluh juz
   kieu pangandika Allah

3. He kekasih isun Nabi
   saha-saha nu nyimpenan
   hikayat dihade-hade
   ku umat nu saenyana
   diparin kasalametan
   di dunya dongkap kapayun
   salamet dunya aherat

4. Jeung disalametkeun deui
   waktuna eukeur sakarat
   tetkala malakal maot
   nyokot nyawa ka manusa
   dipiwarang lalaunan

diriksa ku Gusti Allah nu Agung
tina kanyerinana

5. Sarengna diriksa deui
patakonan malaikat
munkarun wanakirun teh
Nabi Muhammad ngandika
saha-saha nu nyimpenan
ka hakikat para rosul
kakasihna ka Gusti Allah

6. Saha jalma nu teu wani
ngampihan carita paras// (2)
ku Kami hamo ditolih
jeung moal diaku umat
tangtu kami bendu pisan
ka nu teu turut pitutur
ngampihan "Carita Paras"

7. Umat kabeh ulah lali
kana caritana paras
jeung bejakeun ka sakabeh
tina sahiji desana
kana eta desa lian
jeung tina umat sakampung
ka umat jero nagara

8. Ulah dibejakeun ka kapir
sareng ka jalma nu murtad
sumawonna kanu munapek
ari ka jalma Islam mah

ulah hanteu dibejaan
karana dohir nu Agung
mun jalma daek ngampihan

9. Dihampura dosa deuih
ku Gusti Allah Ta'ala
diriksa dirina kabeh
lamun aya nu ngaruksak
mun aya nu nganiaya
jeung aya jalma nu tusuk
ka nu ngampihan hikayat

10. Eta ku Gusti Yang Widi
tangtu diriksa awakna
jeung saha jalma nu make
ka eta hikayat paras
jeung ngaji sapopoena
sarengna dipake suhud
diparin ku Allah jambar

11. Upama nu menta deuih
kana caritana paras
geuwat buru bere
naon bae pamentana
ku Allah tangtu dibayar// (3)
dileuwihkeun ti batur
eujeung kahasilanana

12. Saha jalma daek deui
nu resep ngampihan paras
disimpen dihade-hade

sarengna di imah pisan
dipaparin ku Gusti Allah
rahmat pirang-pirang rebu
ping salaksa di sapoena

13. Hanteu dikurangan rizki
ku Gusti Allah Ta'ala
lamun aya nu panasten
nganiaya ka imahna
sareng ka nu boga imah
ku Allah teu meunang laku
hanteu diparinan tanaga

14. Lamun boga satru deui
nyatru ka nu nyimpen paras
ku Allah tangtu dibendon
jalma anu nyatru tea
sareng diparinan ruksak
saumur-umurna hirup
lamun tetep pangnyatruna

15. Lamun umat nyimpen deui
eukeur waktu tumpak kapal
tangtu datangna sok tereh
ka nu dek diseja tea
sarengna ka salametna
teu pisan manggih pakewuh
diriksa ku malaikat

16. Lamun niat perang sabil
eta nyandak Hikayat paras

diriksa ku Yang Manon
cilakana hanteu datang
bedil tumbak jeung pakarang
berkahna Hikayat Cukur
rahayuna leuwih rosa

17. Saha jalma mamang (sic) (mamang) deui
ka hikayat ieu paras// (4)
ilang islam manjing kupar
saha nu embung ngampihan
kana carita ieu "Cukur"
teu ngangken umat Muhammad

18. Saha jalma daek deui
nyaritakeun nabi paras
muga meunang ijan
dirohmat ku Gusti Allah
ti dunya tepi ka aherat
di dunya saumur hirup
sapaat ti Rasulullah//

II. SINOM

1. Wabihi nastaina
mugi Allah tulung abdi
isalm mudu aruninga
leres pangandika Nabi
solallahu 'alaihi wasalam
tetkala diparas rosul
aya hiji mu'min nanya
ka Ki Abubakar Sidik
narusan teh kaula hayang uninga

2. Kumaha Ki Abubakar
waktuna Rasulullah
lampahna basa diparas
sareh meunang dhohir Yang Widi
saha nu nyaksi ka Nabi
nu ngalinggihan ti payun
sareng dina wulan mana
jeung naon poena deuih
sareng eta anggo ketuna ti mana

3. ngawalon Abubakar
ka nu nanya eta mu’min
“eh anak dulur kalua
sasamana Kangjeng Nabi// (5)
meunang timbalan gusti
sarehna mudu dicukur
meuntas perang sabilullah
reujeung rojalahad kapir
Eukeur linggih di masjid nagara mekah

4. nabi eukeur ngaos Quran
sumping malaikat Jabroil
nya dak ayat lapad Quran
unina teh muhaliqin
rulakum hadini
wamuqosirina lahu
latahaupuna laka
ayat diaos ku Nabi
disaksian ngaosna ku malaikat

5. Jabroil lajeng haturan
ka Kangjeng Rasulullah
kaula ngemban timbalan
ti Gusti Yang Maha Tinggi
ayeuna sampean Nabi
timbalan mudu dicukur
lajeng matur Nabiyullah
ka malaikat Jabroil
mun diparas saha nu mayunan kaula

6. Sareng saha nu marasan
jeung kitu ti mana deuih
bade pakeeun kaula
sanggemna kitu Jabroil
matur ka Gusti Yang Widi
rek ditarusan ku Rasul
pamaturna Jabroil
he Pangeran jisim abdi
rek unjukan kakasih kula geus rido

7. Timbalan mudu diparas
tatapi ayeuna Gusti
bet aya unjukanana
ka Gusti Yang Maha Tinggi
saha nu kaidinan nyaksi
waktuna eukeur dicukur// (6)
sareng saha nu marasan
sareng kopeahna deuih
dipasihan ku Gusti Alloh ti mana

8. Gusti Alloh seug ngandika

ka malaikat Jabroil
ayeuna kakasih Kula
nabi Muhammad sinelir
ka dirina anu nyaksi
cahayana bae Rasul
karana cahaya dirina
tikudrat irodat Kami
nu mayunan lain cahaya nu lian

9. Deui eta nu marasan
eh maneh bae Jabroil
wawakil irodatullah
ari kopeahna deui
nyokot bae Jabroil
ti sawarga daun kayu
daun kastuba salambar
nu hejo Cahaya bening
ari geus parantos paras

10. Jabroil lajeng angkat
angkat ka sawarga Naim
nyandak rencang Jabroil
he malaikat Ridwan
ridawan ngawalonan deuih
buka lawang sawarga
ridwan ngawalonan deuih
saha eta nu muka lawang sawarga

11. Jabroil seug ngawalonan
ka malaikat ‘Ijroil

Ridwan pok ngawalonan deuih
naon anu rek diseja
datang ka sawarga naim
sampean rek naon maksud
Jabroil ngawalonan
ka ‘Ijroil malaikat

12. Kaula ngemban timbalan
ti Pangeran Nu Maha Suci
rek mipit daun kastuba
rupa hejo nu beresih
anggoeun kopeah Nabi
malaikat Ridwan wangsul
yen eta Nabi Muhammad
kakasih Gusti Yang Widi
Nabi Muhammad gustina saalam dunya

13. Meunang nugraha ti Allah
ngungkulan ka unggal Nabi
sadaya para utusan
nu kasebut para Nabi
wit Nabi Adam linggih
dongkap ka ayeuna dawuh
ngan eta Nabi Muhammad
seug mipit bae Jabroil
lajeng marek ka Pangeran anu mulya

14. Unjukan yen enggeus ngala
daun kayu Tuba suci

timbalaning Gusti Allah
daun Tuba langkung suci
dicandak ku Jabroil
bade keut Kangjeng Rasul
sumuhun ieu kacandak
amun teu kasanggakeun deuih
daun Tuba kersaning Allah Ta'ala

15. Seug ngandika Gusti Allah
ka malaikat Jabroil
ayeuna eta kopeah
gera cokot ku Jabroil
bikeun ka Nabi kakasih
jabroil gancangna turun
mawa daun eta Tuba
minangka tanda ti Kami
kanugrahan pertanda jadi utusan

16. Jabroil lajeng angkat// (8)
mulih ti Hadaratullah
nyandak ketu daun Tuba
bade anggoeun kakasih
cahaya gumilang leuwih
hurung mancur jeung ngagebur
sami jeung cahaya surya
Jabroil gancangna sumping
maparinkeun kopeah ka Rasulullah

17. Kangjeng Rasul seug mariksa
kaMalaikat Jabroil

saha nu marasan kula
sareng saha anu nyaksi
jeung eta kopeah deuih
ti mana sampean nimu
meunang kopeah nugrahan
lajeng ngandika Jabroil
jisim kuring nu bade marasan Tuan

18. Demi eta nu mayunan
cahaya nyinaran Nabi
karana cahayaning kudrat
irodating hak Yang Widi
hanteu aya lian deui
seug nyerahkeun Kangjeng Rasul
mastakana anu mulya
ka Malaikat Jabroil
he Jabroil sumangga kula parasan//

III. ASMARANDANA

1. Lajeng marasan Jabroil
ka mastaka Rasulullah
marasan di poe isnen
di tanggal salapan belas
wulan Romdonna ti beurang
sahabat sakawon kumpul
pada hadir ngadeuheusan

2. Ka kangjeng Muhammad Nabi
eukeur waktuna diparas
sami naringali kabeh// (9)
ka rambutna Rasulullah

dina rambutna salambar
taya nu tiba sarambut
nu tiba ka luhur tanah

3. Kangjeng Nabi ngadawuh deui
ka Jabroil teh ngumaha
hikmat kumaha eta teh
rambut kaula salambar
hanteu pisan aya nu rag-rag
dina hiji-hiji rambut
nu rag-rag ka luhur lemah

4. Lajeng matur Jabroil
ka Kangjeng Rasulullah
eta rambut reana teh
rambut Tuan jumlahna
su aya di sirah Tuan
ku jisim kuring diitung
saketi jeung dua laksa

5. Genep ratus punjul deuih
sawidak punjul salambar
sareng wedadari kabeh
turunna sasawarga
nyuhunkeun rambut Tuan
timbalan Gusti Yang Agung
rek nampa rambut sampean

6. Aya pangandika Gusti
ka wedadari sadaya

maneh widadari kabeh
geuwat turun maneh ka dunya
nabi aing keur diparas
pada nyuhunkeun rambut
kabagi salambar sewang

7. Ku maneh kudu dipusti
eta rambut Rasulullah
talingakeun sing hade-hade
eta rambut pikeun jimat
sangkan dosa dihampura
Widadari gasig turun// (10)
arindit ti sawarga

8. Wedadari pada sumping
ka payuneun Rasulullah
salambar sewang nyarokot
ditalikeun kana panangan
cingir leungeun katuhuna
geus kitu Gusti Yang Agung
ngandika ka Rasulullah

9. Ngandika deui Kangjeng Nabi
sholallahu ‘alaihi wasalam
saha-saha umat kabeh
nganyahokeun umur Anbiya
nabi nu meunang sareat
anu kocap jadi Rasul
genep nu jadi utusan

10. Saha-saha jalma nguping

atawa adekan maca
kana ieu carita teh
ngapalkeun umur Anbiya
datang ka apalna pisan
eta ngawuruk pitutur
maca sareng jeung ngampihan

11. Sumawona na sok nulis
ka eta umur anbiya
atawa ningali bae
sami sareng nu ngunjungan
ka Mekah ka Baitullah
ganjaranana keti rebu
anu sok daekan

12. Reujeung disamikeun deuih
jeung nu munggah haji ka Mekah
nu meunang sarebu balenan
ganjaranana sami pisan
eujeung anu maca Quran
nu meunang tilu puluh juz
tilu puluh kali tamat

13. Eujeung disamikeun deuih// (11)
anu ngabakti ka Allah
ari bakti lamina teh
sawidak teu lawasna
jeung eta anu sok maca
ka carita umur Rasul
ku Allah yen dihampura

14. Sagala dosana deuih
jeung dosana indung bapa
nini aki buyut bao
eujeung dosa rahayatna
lamun baresih atina
dosana kabeh digempur
ku Allah Nu Maha Mulya

15. Nyaritakeun umur Nabi
Nabi nu kagungan sareat
genep nabi reana teh
nu mimiti Nabi Adam
jenengan Nabi wiwitan
umurna salapan ratus
sapuluh taun punjulna

16. Diturunkeun ku Jabroil
ngan dua belas balikan
diturunan wahyuna teh
umur Nabi Enoh eta
lawasna basa di dunya
meunang calik sarebu taun
ari Jabroil turunna

17. Nya eta parin wahyu deuih
meunang lima puluh balikan
ngan sakitu wahyu Enoh teh
Nabi Ibrohim di dunya teh
tujuh puluh punjul lima
lawasna di dunya ‘umur
ari diturunan wahyu

18. Ku Malaikat Jabroil
tujuh puluh punjul dua
ngan sakitu ibrohim teh// (12)
ari ‘umur Nabi Musa
saratus aya punjulna
punjul tilu taun ‘umur
ari diturunana wahyuna

19. Ku malaikat Jabroil
ngan tujuh ratus balikan
ari ‘umur Nabi Isa teh
tilu ratus punjul tiga
pujul tilu puluh warsa
meunang katurunan wahyu
ngan meunang sapuluh balenan

20. Ari ‘umur Kangjeng Gusti
Muhammad Nabi sadaya
waktu linggih di dunya teh
sawidak aya punjulna
ngan tilu taun punjulna
meunang katurunan wahyu
nya eta ku malaikat

21. Unggal poe unggal peuting
nyandak eta malaikat
rek meh unggal dawuh bae
kang Rasul pangmidengna
jumlah meunang wahyuna
dua laksa opat rebu

turunan ngemban timbalan//

IV. DANGDANGGULA

1. Caritana anu di gurit deui
   sarengna teh dijieun tembang
   Nabi nu ngutus sakabeh
   rek mulih ka Rahmatullah
   ari kawitna eta Gusti
   kasawat wales kacida
   eukeur tempo waktu subuh
   mimiti dongkap kasawat
   para sahabat sadaya pada narangis
   Abubakar, Umar, Usman

2. Hasan, Husen, gusti ‘Ali
   Hatijah jeung Maemunah// (13)
   Aisah narangis bae
   Fatimah nanigs kalangkung
   nalangsa bakal katinggal gusti
   ti masjid nabi mulihna
   angkat pada nuyun
   bareng sumping Rasulullah
   Gusti Allah miwarangan malaikat Jabroil
   nyandang rencang ka alam dunya

3. He Jabroil tepungan Nabi kakasih
   anu ngaran Nabi Muhammad
   Jabroil gancang bae
   ka ‘alam dunya tumurun
   malakal maot lungsur angkat

kancang sumping malaikat
ka bumina Kangjeng Rasul
ditimbalan ‘ala nyawa
malaikat uluk salam ka Kangjeng gusti
Kangjeng Rasul lajeng gugah

4. Enggal matur Jabroil ‘Ijroil
assalamu ‘alaika
ya Rasulullah Yang Manon
Nabi jawab ‘alaikum
salam saderek kaula Jabroil
Kangjeng Nabi seug ngandika
ka malaikat dulur
nu sareng teh etas aha
nu dicandak ku sampean Jabroil
Jabroil nuhun pariksa

5. Nun utusan Gusti Yang Widi
nu jenengan ‘Ijroil malaikat
Kangjeng Nabi nyaur alon
naha naon nu dimaksud
atawa haroyong bae calik// (14)
atawa rek ngala nyawa
malakal maot mutur
seja ngalayad kaula
ditimbalan ngala nyawa ku Yang Widi
Tuan teh kasengrem pisan

6. Sabab euweuh deui gusti
anu cara ka Tuan

ti Nabi Adam watese
kinasihan liwat langkung
ku Allah Nu Maha Suci
malaikat seug haturan
ka Kangjeng gusti Rasul
gera ‘aos ieu ayat
innaka mayyitun tsumma
innakum mayyituni
yaumal qiyamah ta’tasimuna

7. Seug dingaos ku Kangjeng Gusti
lajeng nangis Kangjeng Rasulullah
uninga yen bakal maot
malaikat pada matur
he saderek kula gusti
kumaha salira Tuan
nu mawi nangis kalangkung
kakara nguping ayeuna
Kangjeng Nabi ngandika deui
he para malaikat

8. Kaula teh nu matak nalangsa ati
anu mawi nangis kaula
lain hayang keneh dunya
lain sieun siksa kubur
lain nyeungceurikan ‘Ali
lain nangisan Fatimah
nu mawi nangis kalangkung
Abubakar, Umar, Usman
hanteu melang kula ka Hatijah dewi//(15)
Maemunah sareng ‘Aisah

9. Lain nangisan kula ka anak Ali
   anu ngaran Bagenda Hasan
   sarengna Bagenda Husen
   nu mawi nangis kalangkung
   lain beurat ka Abu Qotsim
   sareng ka Umi Salamah
   nalangsa kalangkung
   orokaya ras ka umat
   ditinggal ku kaula teh Jabroil
   umat paeh taya iman

10. Enggal sumping malaikat Mikail
    lajeng bae ulukan salam
    nyandak deui anu sejen
    malakkat Mikail nyaur
    Tuan kudu ngaos ieu dalil
    ari unina innallaha tea
    wainna ilaihi raji'un
    Kangjeng Nabi enggal maca
    tutug maos 'Aisah gusti
    he maneh Dewi 'Aisah

11. Teu kadenge ku maneh 'Aisah Dewi
    kami basa eukeur baca Quran
    eh Siti 'Aisah maneh
    maneh bakal papungkur
    sing sobar tawekal Nyai
    serta Dewi Fatimah Juhro
    'Aisah nangis kalangkung
    bari ngjejenggur rema

nepak dada nangisna ‘Aisah Dewi
kitu deui Nyi Fatimah

12. Nyi Fatimah nangisna ngajerit
nya eta aran Nyi Fatimah
‘eh Gusti kumaha bae
nalangsana liwat langkung// (16)
saha nu muruk ka kuring
ka Kangjeng Rama ditinggal
seug ngandika Nabi Rasul
Nyi Fatimah anak ama
masing sabar ka Gusti Yang Maha Tinggi
ulah sok nepakan dada

13. Hanteu pisan hade eta ceurik
anu ngajejenggut rema
haram timbalan Yang Manon
ari ceurik anu surup
hanteu haram timbalan sara eta nyai
nyu’uh ragragan cimata
Nyi Fatimah disaur
ieuh cium sirah ama
eukeur madep ama teh ka Yang Maha Suci
risi ku ceurik Fatimah

14. Nyi Fatimah jeung nangis deui
nangis bari jejeritan
eh ama kumaha bae
ati kuring asa ancur
ditinggalkeun ku Kangjeng gusti
sim kuring eujeung saha

Jadi yatim pahatu
Kangjeng Nabi seug ngandika
Nyi Fatimah anak ama ulah ceurik
cicing bae heula anan

15. Eyang Nyai ayeuna eukeur sumping
unjuk hatur Fatimah kumaha
ama meungpeung aya keneh
kuring sing seubeuh patepung
ngandika Kanjeng gusti
jaga oge nyai jeung ama
di alam mahsyar patepung// (17)
jeung dina cukang naraka
jeung tikatuhu nya eta malaiklat Jabroil
Mikail anu ti kiwa

16. Nyi Fatimah hanturan deui
nun kumaha lamun teu tepang
dina cukang naraka teh
jeung di alam Mahsyar kulanun
ka mana neangan kuring
lamun ama teu aya
seug ngandika Nabi Rasul
teangan kana tampian
Nyi Fatimah di dinya tanwande panggih
di talaga kalkosa

17. Eukeur tempo mere cai
ka paraumat sadaya
Siti Fatimah ngawalon
‘eh ama ka man nya nyusul

mun teu aya di dinya gusti
di mana kuring nepangan
ngandika Nabi Rasul
'eh anak ama Fatimah
tanwande Nyai jeung Ama panggih
dipayuneun Rabbuljalal

18. Eukeur nunuhun ka Yang Widi
para umat keur digiring ka Mahsyar
Nyai tangtu panggih bae
jeung ama Nyai patepung
sing shabar tawekal Nyai
Nyi Fatimah seug haturan
ka mana kuring nya nyusul
ama mun teu aya di dinya
enggal bae ngandika Kangjeng gusti
'eh anak ama Fatimah

19. Lamun hanteu aya bae Nyai
susul bae ka sawarga
panggih ama jeung Nyai teh (18)
Fatimah maca alhamdu
lillahi robbil 'alamin
pamujina Nyi Fatimah
sanggeus timbalan putusan
aya sahiji rancang
nu jenengan Ki Bilal Modin
unggahna kana Munara//

V. ASMARANDANA

1. Saur Bilal jeung Ki Modin
   ashshalatu ngondang shalat
   lajeng khoirum minanaum
   walesanan rohimakumullah
   sami jawab sadayana
   malah Kangjeng Nabi Rasul
   maos shadakta wabarakta

2. Kabeh kumpul ka masigit
   Rasulullah hanteu angkat
   Bilal ngundang-ngundang bae
   shalat ya Rasulullah
   Nabi Rasul hanteu angkat
   Bilal ti masjid teh turun
   ngadeuheus ka Rasulullah

3. Tuluy di teang ka bumi
   Ki Bilal tuluy unjukan
   tapi ti buruan bae
   sumangga kaulanun shalat
   sadaya enggeus ngantian
   Kangjeng Nabi lajeng ngadawuh
   ka Bilal nu tukang adzan

4. Bilal sing deukeut ka kami
   kami erek uluk salam
   ka Bilal jeung sakabeh
   kami teh katarajang lara
   hamo bisa deui leumpang// (19)

jeung nyawa bakal dipundut
kasumpingan malaikat

5. Poma salam ta’dim kami
bejakeun ka jalma loba
kami ngan ayeuna bae
moal bisa deui leumpang
tepi ka yaumal qiyamah
ari shalat lima waktu
Abubakar tukang imam

6. Ki Bilal indit ti bumi
bari ceurik jejeritan
bejakeun ka jalma kabeh
‘eh tobat teuing juragan
anu basa nuyun keur budak
anu sok muruk mitutur
basa keur diaja leumpang

7. Ngomong deui Bilal Modin
ka jalma nu pakumpulan
nu kumpul di masjid kabeh
urang teh bakal ka tinggal
Kangjeng Nabi geus salempang
teu datang kaliwat langkung
rek mulih ka Rahmatullah

8. Urang masjid pada nangis
ngadenge saur Ki Bilal
pada ngalucur cipanon
handeu aya nu tahan

Abubakar, Umar, Usman
pada nangis liwat langkung
pada ear sadayana

9. Urang teh pahatu teuing
kumaha urang nya peta
ku Nabi kadangu kabeh
lajeng nyaur anak ‘Abas
leungeun ama gera pangga
sareng tuyun masing laun
rek k masjid lalaunan// (20)

10. Ulah gancang-gancang teuing
tuluy disangga ku “Abas
ngalayad nu ceurik kabeh
Umar, Usman, Alimurtado
geus sumping ka masjid Madinah
Kangjeng Nabi lajeng ngaaeuh
ka jalma nu pakumpulan

11. Naha nu aya di masjid
kumaha nua matak tacan shalat
kumaha marenah kabeh
tuluy matur sadayana
nun gusti kakasih Allah
‘abdi-abdi teh sumuhun
Abubakar hanteu tahan

12. Hanteu kaur balas nangis
liwat langkung paningisna
nun gusti kumaha bae

Kanjeng Nabi lajeng imam
Abubakar ti tengenna
Hasan, Husen ti pungkur
‘Usman, ‘Ali ni ti kiwa

13. Kangjeng Nabi lajeng linggih
dina paimbaran hutbah
ngawuruk ka jalma kabeh
serta melas-melis gentrana
kadangu ku sadayana
he adaya anu kumpul
kaula rek ka Rahmatullah

14. Hamo parapanggih deui
kajaba poe ayeuna
poma-poma ka sakabeh
ulah pada lalawora
ari enggeus euweuh kula
carawad jeung batur-batur
pada Islam rerebutan

15. Sing melang ka anak yatim// (21)
kudu daek mitururan
nu euweuh bapana kabeh
ulah dicokot hartana
ulah pisan ka sadaya
anggur pada wuruk ilmu
ka budak taya bapana

16. Eujeung poma-poma teuing
ulah ngalampahkeun zinah

sanajan lalagas kabeh
sing hade ka indung-bapa
ulah dek meunang doraka
ti bapa rawuh ti indung
sing hade nya laku lampah

17. Jeung ka Gusti Yang Widi
masing hade-hade pisan
ulah nyakutukeun kabeh
jeung upama deui kula
ngahutang harta ka budak
atawa ka nu geus pikun
saeutik atawa rea

18. Poma kudu naragih
kudu nagih ayeuna pisan
saeutik atawa gede
ulah nagih di kiyamah
di payuneun Rabul Jala
sakabeh pada
taya nu jawab saurang

19. Seug ngandika deui Nabi
ka mu'min nu karumpulan
he para sahabat kabeh
saupama dikaniaya
sakabeh ku diri kula
poma kudu pada matur
nya poe ayeuna pisan

20. Sanajan jagong sahiji
satimbang sireum upama
kudu pada nagih kabeh
di poe ayeuna pisan// (22)
ulah nagih di kiyamah
kabeh taya nu ngawangsul
pada nyusutan cisoca

21. Poma ulah gatak-gitik
ka batur nu pada Islam
jeung ulah sok gotek roek
reujeung ulah parebutan
poma ulah laku pitnah
masing runtut jeung batur-batur
lampah ulah tutukeuran

22. Cing gera nyokot panggitik
upama nagih pihutang
reujeung kula ka sakabeh
mun parebutan jeung jalma
kolot atawa budak
nenggeul atawa numbuk
poma ulah dipindingan

23. Sumangga geura naragih
mun aya nu dicarekan
pek geura nyarekan bae
mun diteunggeul ku kaula
pek geura narenggeulan
karana kula rek naur
ulah dakwa di kiyamah

24. Saupama nu dek nagih
teu geuwat-geuwat ayeuna
poma-poma ka sakabeh
lamun kula ngawiwirang
supaya urang pada lulus
ulah wirang di aherat//

VI. WIRANGRONG

1. Aya hiji jalma nagih
jenengan Akasyahkom
seug naros ka Kangjeng Rasul
he Gusti kakasih Yang Widi// (23)
sumuhun timbalan Tuan
sim kuring gaduh unjukan

2. Kuring rek nagih ka Gusti
ku sabab kuring digablog
ku Kangjeng Gusti Rasul
tetkala keur perang sabil
Tuan rek ngagitik kuda
keuna kana bujal hamba

3. Kuring ceurik liwat langkung
nu matak kuring ngawalon
ka Kangjeng Gusti Rasul
Nabi Muhammad ngalahir
he maneh ‘Akasyah geuwat
tinimbang jeung anu loba

4. Ali celuk Bilal Modin
Ali enggeus angkat los
ka Bilal sok adzan waktu
Ki Bilal ngadeuheus gasik
ka Nabi kakasih Allah
Nabi angandika alon angandika

5. Bilal anteur Akasya ka bumi
ka Siti Fatimah cokot
hoe paranti ngagebug
ieu Akasyah rek nagih
Bilal Akasyah ariang
marek ka Siti Fatimah

6. Duanana geus tarapti
nya eta ka lawang panto
seug Bilal Akasyah matur
seja ngadeuheus ka Nyai
Siti Fatimah mariksa
sareng alum cahaya

7. Nglahir bari jeung nangis
naha daratang rek naon// (24)
beja maneh kawas rusuh
kami reuwas liwat saking
ku Bilal reujeung 'Akasyah
naha maneh rarusuh teuing

8. Kawas diutus ku Nabi
sumuhun pariksa Enong
kuring diutus ku Rasul

dipiwarang nyokot cameti
nu mawi ngadeuheusan
Rama teh rek mayar hutang

9. Tuang Rrama asal ngagitik
ka awak Akasyah gablog
basa eukeur perang campuh
keur mangsa kuda dititih
Akasyah hayang dibayar
ayeuna ku Tuang Rama

10. Keukeuh Ki Akasyah nagih
Akasyah arek ngagablog
ka salira Kangjeng Rasul
nu mawi ngadeuheus kuring
ka Nyi Mas Dewi Fatimah
nyuhunkeun cameti tea

11. Rama rek mere ngagitik
Rama nampanan bareto
Akasyah mere ngagebug
mayarna ka Rama Nyai
Siti Fatimah ngandika
naha eta Rama kula

12. Teu kapanggih perang sabil
atawa manggih buburon
hanteu angkat-angkatan jauh
hanteu perang sabilullah// (25)
sertana eukeur teu damang
malah munggah haji pisan

13. Ulah kabina teuing
    Ki Akasyah abong-abong
    ayeuna kula bae gebug
    ulah ngagitik ka Nabi
    Ki Bilal geuwa haturan
    poma Nyai ulah pisan

14. Teu hade pisam Nyai
    Akasyah haturan alon
    hutang dilahir teh kudu
    sabab teu meunang mangpaat diri
    najan loba banda
    geulang, emas, reujeung perak

15. Najan loba anak lalaki
    mun soleh ka Yang Manon
    hanteu matak jadi tutulung
    mamrih Rama wapatna suci
    ulah wafat nyandak hutang
    Nyi Mas sing pasrah ka Allah

16. Siti Fatimah ngalahir
    seug Akasyah geura cokot
    cameti kula teh atuh
    dicokot ku Bilal Modin
    indit ti bumi Ki Bilal
    ti bumi Siti Fatimah

17. Ki Bilal turun gasik
    leumpang rampual-rampeol

tibelat ku Kangjeng Rasul
leumpang semu nu aringgis
bari jeung bijil cisoca
Bilal sarengna Akasyah//

VII. MIJIL

1. Bilal Akasyah leumpang ka masjid
   bari ngucur cipanon
   bari mawa cameti hoe
   Akasyah barina ceurik
   ari datang ka masjid
   cameti geuwat dipundut

2. Siti Fatimah indit nangis
   cisocana ngocor
   bari lajeng angkat bae
   ngadeg dina lawang masjid
   sasauran bari nangis
   sahabat anu karumpul

3. Lahirna teh upama kami
   ka budak atawa kolot
   lamun boga hutang gede
   atawa lamun saeutik
   kudu ka kami nya nagih
   karana Ama keur udur

4. Jeung na deui lamun ngagitik
   atawa mun nyeuseul poho
   poma bae ulah geseh

nya nagih ayeuna misti
geuwat nagih ka kami
taya pisan nu ngawangsul

5. Jalma loba pada narangis
ngadangu saur nu elok
pada ear nangis kabeh
sakur nu aya di masjid
kumaha bae Gusti
anu sok muruk pitutur

6. Pangandika Gusti Ali
barina ngucur cipanon
Ki Aka kula bae
ayeuna sumangga gitik
ulah ngagitik ka Nabi
Akasyah unjuk pihatur

7. Ulah kitu Gusti Ali
Sampean leuwih haretos
kuring tambah dosa bae
ngagitik nu lain deui
sabab hutan Kangjeng Nabi// (27)
keresana hoyong naur

8. Abubakar Umar Usman nangis
sasauran alon
Ki Akasyah kula bae
seug ayeuna gera gitik
ulah ngagitik ka Nabi
kula welas liwat langkung

9. Sayid Usman sasauran deui
bari ngucur cipanon
kaula teh kumaha bae
Ki Akasyah poma teuing
ulah ngagitik ka gusti
awak kula bae gebug

10. Ki Akasyah sasauran deui
ku kuring hanteu kahartos
kuring tambah doraka bae
nagih lain hukum adil
hayang terus reujeung dalil
moal sae loba saur

11. Kangjeng Nabi ngandiak deui
ngadawuhan bari alon
Abubakar ingkeun bae
Umar Usman Ali
Akasyah masing ngagitik
hayang geura pada putus

12. Ki Akasyah geura ngagitik
kana beuteung atawa tonggong
Ki Akasyah unjukan bae
sumuhun bebendu Gusti
basa Tuan ngagitik
kuring hanteu make baju

13. Lajeng ngudar Kangjeng Nabi
raksukan anu dianggo

Ki Akasyah geura pek bae
Akasyah miceun panggitik
bari ngarontok ka Nabi
udelna lajeng dicium

14. Ki Akasyah haturan deui
unjukan handap asor
kuring gusti suka hate// (28)
udel leuwih hurung teuing
aduh bagja kuring Gusti
manggih cahaya leuwih hurung

15. Nun sumuhun bebendu Gusti
kuring lila-lila bohong
ka Gamparan jeung sakabeh
lain ku sabab digitik
kuring ngupingkeun Jabroil
eta dawuhan kitu//

VIII. PANGKUR

1. Karana dawuh Pangeran
enggeus sono dawuhan teh liwat saking
sagala nyawa geus kumpul
pada ngantina ka Tuan
eujeung deui widadari enggeus kumpul
langit kabeh geus dibuka
kabeh sapangeusi langit

2. Bade hormat ka Gamparan
Malaikat juru konci lawang langit

pada turun kabeh kumpul
arek hormat ka Gamparan
hanteu aya di langit anu kantun
pada pada ararangkat
rek nepungan Kangjeng Gusti

3. Lajeng Nabi angandika
kaula sadawuh ayeuna rek pamit
kula hayang pisan tepung
jeung dulur kaula
anu jadi papatih Gusti Yang Agung
Malaikat Jabroil tea
Malaikat Jabroil sumping

4. Ieu kuring enggeus datang
Kangjeng Nabi lajeng ngandika
naha lawas teuing dulur
kaula ulah ditingal
kula // keueung kaliwat langkung (29)
Malaikat narungguan
pada turun tina langit

5. Seug Kangjeng Nabi ngandika
lajeng nyaur ka Malaikat Ijroil
he Malaikat maot dulur
sakumaha perkarana
perlampah sakarat banget kalangkung
dina reana sakarat
Ijroil haturan deui

6. Sumuhun timbalan Tuan
saperkawis sakarat nu leuwih nyeri
timbalan Gusti Yang Agung
salapan puluh salapan
timbalan Gusti Yang Agung
ka salira Gamparan mah
kinten ngan teu rosa hiji

7. Ari anu satinggalna
sakarat anu banget leuwih nyeri
ka umat sampean tangtu
Kangjeng Nabi seug ngandika
bari nangis manehna teh liwat langkung
panuhun bae kaula
ka umat anu sahiji

8. Kaula nu sakarina
Malaikat Ijroil haturan deui
eh Tuan kumaha atuh
taya timbalan Pangeran
ka Gamparan kaparinkeun anu kantun
anu sahiji ka umat
Nabi nangis liwat langkung

9. Aya dawuh tan katingal
tina saluhureun aras korsi
he Malaikat maot gugu
pamenta Nabi Muhammad
sakahayangna ku maneh kudu // digugu (30)
Muhammad nu sakarina
ka umat anu sahiji

10. Paneda Nabi Muhammad
Panuhun ka Malaikat Ijroil
Lajeng ka sahabat muru
Ka geureuha jeung ka putra
Mu’min-mu’min sadaya sareng ka putu
Abubakar Umar Usman
Fatimah Akasyah Ali

11. Ayyuhannasu taqullaha
enya eta maraneh kudu areling
kudu sieun ku Yang Agung
poma-poma maranehna
ari enggeus euweuh kami geus dipundut
sing tetep waktu nu lima
eta lampah sing gumati

12. Puasa bulan Ramadan
ulah tinggal timbalan nu mahasuci
pangandika Kangjeng Rasul
poma ulah ditaringal
lampah eta puasa anu sakitu
pacuan ulah ditingal
lampahan sing ati-ati

13. Reujeung dina sidkoh jakat
poma-poma ngajakatan masing apik
mandi janabat jeung junub
eta poma-poma pisan
mangka hade pangwuruk kula sakitu
tina leuwih nyaah

Ka sakabeh umat mu'min

14. Jeung deui mun aya sarat
geuwat-geuwat geura marunggah haji
ngan meunang wuruk sakitu
Ijroil geus mundut nyawa
Kangjeng Nabi Malaikat Jroil // nangis kalangkung
Ku sabab ningal sakarat
Jbroil nangis ngalengis

15. Kangjeng Nabi ngaos du'a
Ieu du'a allhuma hawin
aneneda ka Yang Agung
lajeng 'alaina sakarat
lajeng deui du'a nabiyil mautu
mugi hamba parin ringan
sakarat nu leuwih nyeri

16. Lajeng ngandika Gusti Alloh
he Malaikat maut masing aris
nyabut nyawa masing laun
kakasih aing Muhammad
Kangjeng Nabi lajeng takbir tuluy pupus
mulihna ka Rahmatullah
pada ear anu nangis

17. Sanggeus Kangjeng Nabi wapat
Malaikat Jabroil mulih bari nangis
ngawurukna liwat langkung
saturut-turut buruan
wurukna teh sakabeh masing tarurut

eh umat Nabiyullah
dulur kami enggeus mati

18. Poma ulah lalawora
ari enggeus pupus nabi saderek kami
wurukna kudu diturut
ulah sok lalawora
mangka hade jeung ditingal nu lima waktu
jeung mandi junub janabat
eta masing jadi ati

19. Jeung ulah ngarempak haram
nu dicegah ku syara jeung ku dalil
eujeung dahar anu makruh
eta teh kudu ditingal
eungeus puguh eta mah reujeung diinum
maling barang laku pitnah
zinah cegah ku abdi-abdi

IX. SINOM

1. Sing pada boga ingetan
alam dunya hanteu lami
jaga ge tangtuna ruksak
sakabeh bumi jeung langit
sakabeh taya nu kantun
ngan sawarga jeung naraka
anu dikersakeun hurip
hanteu cara di aherat sapanjangna

2. Hanteu pisan keuna ruksak
manusa kabeh dikerid

eta lalampahanana
lamun jalma turut ka Nabi
tangtu salamat diri
manjing ka sawarga agung
di dinya mun lalawora
mun teu turut ka pakem Nabi
tangtu asup jalma kitu ka naraka

3. Anu henteu cegah haram
tangtu disatru ku Nabi
ku Alloh tangtu disiksa
nu mungkir ka Kangjeng Nabi
mun hayang diaku umat
mun daek anut ka Rosul
kudu ngaberesihan awak
kudu tobat beurang peuting
maca dikir solawat reujeung istigfar

4. Beurang peuting kudu rea
ulah susah sungkan ati
muji dikir masing rea
salawat lapad ka Nabi
Allohuma // shalli wasallim (33)
mugi parin rahmat Yang Agung
alla Sayidinna Muhammad
ka Gusti Muhammad Nabi
Gusti Allah parin ka Muhammad

5. Nyaeta Kangjeng Muhammad
maparin shalawat Nabi
istigfar ieu lapadna

astagfirullahal adim
eh Alloh Gusti Yang Widi
abdi neda cukup umur
nyuhunkeun kasalametan
leuwih ala awak abdi
astagfirullah wasiatna Malaikat

6. Ka umat-umat sadaya
umat Kangjeng Muhammad Nabi
parantos sakitu pisan
lajeng Malaikat ka langit
kinten ngiring Kangjeng Nabi
nyaeta Kangjeng Rosul
jalma loba teu uninga
eusi bumi pada nangis
sumawonna sakabeh parasahabat //.

T A M A T